

25 septanm 2020

Chè fanmi,

Pandan bilding nou yo reouvri epi pitit ou a rekonekte avèk kominote lekòl yo, sa raple nou ki kantite travay nou tout gen pou fè pou pi gwo sistèm lekòl nan nasyon an fonksyone. Pou nou bay chak nan 1.1 milyon elèv nou yo sèvis, sa pran yon kantite kolosal resous, epi kounye a gouvènman federal la pa vini avèk fon Vil nou an bezwen dezespereman.

Ou ka fè yon gwo diferans lè w ranpli resansman Etazini 2020. Byenke yo pwolonje dat limit pou ranpli resansman an pou yon ti bout tan, mwen toujou ankouraje fanmi pou konplete li jodi a kòm yo poko detèmine dènye delè a. Se yon sondaj tou kout sou entènèt pou konte moun Nouyòk, epi sa rive sèlman yon fwa chak dis ane. Lè w ranpli li, sa asire vil la jwenn lajan, pouvwa, ak respè nou merite nan men gouvènman federal la.

Si yo pa byen konte popilasyon an, Vil nou an ap pèdi plizyè milya dola nan finansman federal pou lekòl nou yo, avèk tou pou swen sante, wout, lopital, transpò piblik, ak plis ankò. Nouyòk ka pèdi tou de plas nan Kongrè.

Men kòman pou ranpli li imedyatman:

Kòman pou ranpli Resansman Etazini an

- Ale sou entènèt nan my2020census.gov.
- L ap pran senk minit sèlman pou ranpli li.
- Resansman an disponib sou entènèt nan 15 lang.
- Anplis, ou ka ranpli resansman an nan telefòn si w rele 844-477-2020.

Resansman an ansekirite ak konfidansyèl

- Resansman an konte tout moun ki abite Nouyòk, kèlkeswa kondisyon sitwayènte oswa estati imigrasyon l—Se poutèt sa, resansman an pa gen ladan yon kesyon sou sitwayènte.
- Menm si ou pa gen pape, ranpli resansman an pa p mete ni oumenm ni fanmi w andanje.
- Repons resansman yo prive, yo gen pwoteksyon lwa federal, yo kenbe yo estrikteman konfidansyèl, epi tribinal, ajans gouvènman, otorite ki fè respekte lalwa, ni twazyèm pati tankou yon biznis oswa yon mèt kay pa p janm kapab itilize yo kont oumenm.

Gen twòp bagay nou riske pèdi si nou pa konte tout moun, kidonk tanpri ranpli resansman an si ou pa deja fè sa, epi ankouraje zanmi w ak manm fanmi pou fè sa tou!

Asire yo konte tout Nouyòkè enpòtan anpil-anpil pou garanti yon bèl avni pou vil nou an ak pou timoun nou yo.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk